

## Yon envitasyon Prezidan Evèk yo Michael B. Curry pou nou pratike Chemen renmen an

Kris la rete nan kè nou ak konfyans nou gen nan li a. M ap mande Bondye pou nou pouse rasin, pou nou chita byen fèm nan renmen, pou nou ka konprann, ansanm ak tout pèp Bondye a, jan renmen Kris la laj, jan li long, jan li fon, jan li wo. Wi, mwen mande pou nou rive konnen kalite renmen Kris la gen pou nou, a tout pesonn pap janm ka rive konnen l nèt. Kon sa, n a vin plen nèt ak tou sa ki nan Bondye.

— Efèz 3:17-19

Nan premye syèk la Jezikri nèg Nazarèt la te enspire yon mouvman. Yon gwoup moun ki tap mennen lavi yo nan Jezikri epi yo te pran angajman pou yo viv jan Bondye viv sa vle di nan renmen san kondisyon, san egoyis, nan fè sakrifis, epi ak redanmsyon. Avan yo te pale de "legliz" oubyen "kreyen" Mouvan Jezikri sa a yo te tou senpleman rele l "chemen an". Jodi a mwen kwè apèl nou se pou nou viv etan branch Episkopalyen nan Mouvan Jezikri a. Men kouman nou kapab mete tèt ansanm pou nou grandi pi djanm ak Jezikri nan mitan lavi nou, kon sa nou kapab sèvi kòm temwen pou chemen renmen nan lemond epi pou lemond? Rasin tradisyon kreyen nou an ki byen fon kapab ofri yon chemen pou sa. Depi plizyè syèk, kèk kominote monastik fòme vi yo sou baz rit ak disiplin pou yo suiv Jezi ansanm. Mòd sa a yo rele "Règ Lavi a". Se kad teyorik sa a ki nan men n kounye a: – Chemen renmen an: Aprann viv ak Jezikri nan lavi nou –sa detaye yon règleman pou Branch Episkopalyen an nan Mouvan Jezikri.


Se yon bagay ki fèt pou li gen plas epi pou li gen espas, kon sa ministè endividyèl, ministè an gwoup, kongregasyon ak rezo kapab pran chè nan yon fason ki inik epi pou nou bati yon trezò nan tout legliz la se yon gwo trezò temwayaj ak resous. Pa gen yon lòd espesifik nou oblije suiv. Si ou deja genyen yon disiplin espiyèl ou gen dwa reflechi jan chemen pa w la kwaze ak sila a. Nan efò w ap fè pou w reflechi, pou w fè distenksyon, epi pou w pran angajman otou koze tankou Kase tèt tounen – Aprann – Priye – Adorasyon - Benediksyon – Deplase - Repo. M ap priye Bondye pou nou grandi etan yon kominote nan suiv n ap suiv chemen renmen, liberasyon ak sila ki bay ki pap janm fini an, Chemen li an gen pouvwa pou li chanje lavi nou chak epi pou lemond antye.

Su hermano en el Camino de Jesús,

*+ Michael B. Curry*

El Reverendísimo Michael B. Curry,


Primado y Obispo Presidente de la Iglesia Episcopal



Etan Branch Episkopal la nan Mouvan Jezikri a, nou suiv chemen Jezikri a. Chemen li an se chemen renmen an, e renmen sa a gen pouvwa pou chanje lavi moun epi lemond antye.

Èske w ap chèche yon lavi nan Jezikri? Èske ou ta renmen explore chemen renmen li an epi viv menm jan avè l? Kouman ou men, legliz ou, ministè ou a, oubyen rezo ou ladan an ap pran angajman pou nou viv Mòd lavi Jezi a? Kouman ou kapab fè pati yon kominote oubyen antre nan yon kominote pou w aprann viv ak Jezikri nan lavi wou?


Chache yon enspirasyon sou entènèt lè w vizite bon jan resous nou ranmase atravè legliz la. Devlope pwòp resous pa w, kanpay pa w, ak wout pa w pou w viv Chemen Renmen an.- Devlope ministè endividyèl, ministè an gwoup, an kongregasyon, nan dyosèz yo epi nan rezo yo. Pran pa nan mouvman k ap fèt nan tout legliz la an jeneral. Bay temwayaj ou pataje resous ou yo.



[www.episcopalchurch.org/wayoflove](http://www.episcopalchurch.org/wayoflove)

#wayoflove

Text WAYOFLOVE to 51555



**CHEMEN RENMEN AN**

*Sa n dwe fè pou Bondye mele nan tout sa n ap fè*

THE *Episcopal* CHURCH

## KI SA W AP CHACHE?

Depi nan kòmansman ministè li Jezi Denazarèt te toujou gen yon foul moun ki antoure li. Li vire epi l mande yo “Ki sa n ap chache?” (Jan 1:38). Pou plis pase milan, monastik toujou resevwa pèlerin ki vin frape nan pòt yo ak menm pawòl sa yo:” Ki sa w ap chache?” Jodi a chak nan nou kab reflechi sou menm kesyon an. Pou tout bagay yo chanje, espwa ak anvi nou genyen ki fè lafwa atire nou kapab pa twò diferan pase sa. Pou anpil nan nou ...

**LOVING  
LIBERATING  
LIFE-GIVING**  
*the Jesus Movement*

## N AP CHÈCHE RENMEN

Pou n konnen renmen Bondye a, pou nou renmen epi pou nou renmen tèt nou.

## N AP CHÈCHE LIBÈTE

Devan diferan fòs yo-peche, perèz, esplwatasyon, epi divizyon - ki anpeche nou viv jan Bondye te kreye nou pou nou viv : ak diyite, san manke anyen, epi lib.

## N AP CHÈCHE LAVI ANN ABONDANS

Kè nou chaje ak kè kontan, ak lapè, ak jenewozite, ak bèl plezi. Gen ase pou tout moun paske nou tout pataje sa n genyen san gade dèyè. Yon vi ki gen sans, nan bay Bondye sa k pal epi nou viv pou lòt yo.

## N AP CHÈCHE JEZIKRI

Chemen Jezikri a se chemen renmen an, Chemen sa a gen pouvwa pou li chanje vi moun epi pou chanje lemonn.

## APRE SA VINI SUIV ...

## CHEMEN RENMEN *Aprann viv ak Jezikri nan lavi nou*

### KASE TÈT TOUNEN

**Yon kanpo, koute, epi fè chwa a pou w suiv Jezikri**

*Antan Jezi tap pase kon sa, li wè Levi, pitit Alfayis la, chita nan biwo kontribisyon an. Jezi di li: “Swiv mwen.” Levi annik leve, li swiv Jezi. – Mak 2:14*

Tankou disip yo, Jezikri nou fè nou apèl pou nou suiv Chemen Renmen an. Ak èd Bondye, nou kapab soti anba pouvwa peche, anba rayisab, perèz, ak esplwatasyon nan chemen laverite a, renmen an, espwa a, jistis la, ak libète. Nan kase tèt tounen, nou reyoryante lavi nou nan direksyon Jezikri nan renmen n ap kontinye renmen, renmen apre renmen.

### APRANN

**Reflechi sou labib chak jou espesyalman sou lavi Jezi epi sou li montre nou yo.**

*Jezi reponn ni: “Moun ki renmen, se li menm ki va fè tout sa m di l fè. Papa m va renmen yo tou. Papa m va vin jwenn yo epi viv ak yo.” – Jan 14:23*

Nan li epi nan reflechi sou sa labib di, espesyalman sou lavi Jezikri ak sa li montre nou, nou apwoche pi pre Bondye e pawòl Bondye abite nan nou. Lè nou louvri lespri n ak kè n, nou aprann istwa Bondye ak aktivite Bondye nan lavi chak jou a.

### PRIYE

**Abite nan bondye ak konesans nou chak jou**

*Yon lè, Jezi tap lapriye yon kote. Lè l' fin lapriye, youn nan disip li yo di li: Mèt, montre nou lapriye tankou Jan te montre patizan li yo. – Lik 11:1*

Jezikri montre nou pou n al devan Bondye ak yon kè ki dou, kote n ap pote remèsiman nou yo ak sa ki enkyete nou kareman oubyen noun senpleman tandè vwa Bondye nan lavi nou epi nan monn sa a. Kit se nan panse nou, nan pawòl nou oubyen nan aksyon nou swa pou kont nou swa an gwoup, lè n ap priye nou envite Bondye epi nou reflechi sou prezans renmen li an.

### ADORASYON

**Rasanble an kominote chak semèn pou nou remèsye, pou nou lwe bondye epi abite ak Bondye**

*Li chita bò tab la ak yo pou yo manje. Li pran pen, lid Bondye mèsi, li kase l, epi ba yo li. Menm lè a, je yo louvri, yo rekonèt li. – Lik 24:30-31*

Lè n ap adore bondye, nou ak rasanble ak lòt moun nan pye Bondye. Nou tandè Bon nouvèl Jezikri a, nou remèsye Bondye, nou konfese, epi nou ofri tèt chaje nou yo bay Bondye. Pandan n ap manje pen ansanm, je nou ouvè sou prezans Bondye. Gras ak pouvwa Lesentespri ki fè nou tout vin fè yon sèl kò, kò Kris la bondye te voye pou li viv lavi renmen an.

### BENEDIKSYON: Pataje lafwa nou san egoyis epi sèvi Bondye

*Se gratis nou resevwa, se gratis tou pou nou bay. – Matye 10:8*

Jezi rele disip li yo pou yo pataje, pou yo padone, pou yo anseye, epi pou yo geri nan non li. Gras ak pouvwa Lesprisen an nou kapab beni tout moun nou rankontre, nou kapab montre yo jenewozite nou ak konpasyon nou, epi poklame Bon Nouvèl Bondye a nan Jezikri ak pawòl ki bay espwa epi ak aksyon ki pa wè tèt nou ase. Nou kab pataje istwa benediksyon nou epi envite lòt moun vin nan Chemen Renmen an.

### ALE: Travèse fontyè, koute byen koute, epi viv tankou Jezikri

*Jezi di yo ankò: “Jezi di yo ankò: benediksyon Bondye sou nou! Menm jan Papa a te voye m nan, e kon sa m ap voye nou tou.” – Jan 20:21*

Pandan Jezikri tap pase sou gran wout yo epi sou chemen dekoupe yo, li voye nou al pase kote nou pa abitye pase, pou nou sèvi ak bouch nou epi ak vi nou pou nou bay temwayaj sou renmen, sou jistis, epi sou verite Bondye. N al koute ak imilite epi n al met ansanm ak Bondye pou nou geri yon monn ki nan soufrans. N al pran pa nan Kominote tout moun renmen an, yon pèp ki rekonsilye nan renmen ak Bondye epi youn ak lòt.

### REPOZE: Akeyi gadò Bondye yo lagras li, lapè li, ak restorasyon li

*M ap ban nou kè poze. M ap fè kè nou poze nan jan pa mwen. Mwen p ap fè li pou nou jan sa fèt dapre prensip ki nan lemonn. Pa kite anyen toumante tèt nou, nou pa bezwen pè. – Jan 14:27*

Depi o kòmansman rive jis nan lakreyasyon, Bondye te etabli kèk modèl sakre pou l ale epi pou l tounen, pou l travay epi pou l repoze. Espesyalman jodi, Bondye envite nou pou nou dedye tan nou pou restore tèt nou pou nou vin konplè- ak kò nou, nan sèvo nou, nan lespri nou, nan kominote nou yo epi nan enstitisyon nou yo. Nan pran repo nou fè Bondye konfyans, li ki aktè prensipal la ki fè tout bagay rive kote yo dwe rive.

### POU ESPRI DISÈNEMAN AK REFLEKSYON

Ou menm, ministè ou a oubyen legliz ou a oswa òganizasyon an kab kòmanse reflechi sou kesyon sa yo anba a:

- Ki fason Bondye rele mwen pou m pran pa nan aktivite sa a regilyèman?
- Kouman mwen kapab enkòpore aktivite sa a nan vi mwen regilyèman?
- Ak kilès pou mwen fè trajè sa a pou m kapab kenbe angajman mwen nan aktivite sa a?

Gen plis kesyon ki pi detaye pou koze disèneman ak refleksyon, epi ak plis lòt resous, ki disponib sou sit sa a [www.episcopalchurch.org/wayoflove](http://www.episcopalchurch.org/wayoflove)